

## Etablisman Priorite Komite Skolè Boston

Ane pase, Komite Skolè Boston an te apwouve Plan Stratejik senk an Sipèentandan an te pwopoze a. Nan yon efò pou l konsantre plis sou rannman elèv yo, Komite a chwazi de (2) gwoup mezi ki soti dirèkteman nan Plan Stratejik la. Atravè yon seri done ak kèk lòt enfòmasyon, Komite Skolè a pral evalye travay l ap fè ki anrapò a objektif pwopoze yo e l pral suiv yo deprè. Nouvo apwòch sa a pa chanje Plan Stratejik la, ni l pa ajoute okenn nouvo objektif ak mezi pwoteksyon nan travay distri a, okontrè, li va ede Komite a reòganize e reajiste konsantrasyon l sou travay li. Komite a pral itilize reyinyon l yo pou l kontinyèlman revize pwogrè ki fèt sou objektif yo avèk Sipèentandan an epi asire ke n suiv mezi pwoteksyon yo. Aprè Komite Skolè a fin apwouve objektif ak mezi pwoteksyon sa yo, Sipèentandan an pral finansye priorite yo nan bidjè distri a pou ane fiskal 2022. Komite a ap chèche jwenn kòmantè kominote a konsènan vèzyon preliminè objektif ak mezi pwoteksyon yo ki ekri anba a.

### ***Objektif posib yo - Vizyon kominote a konsènan sa elèv yo dwe konnen e kapab fè.***

- **Alfabetizasyon Timoun Piti:** Lekòl Piblik Boston (BPS) va kreye kondisyon pou elèv yo kapab rive nan klas 3yèm ane a tou pare, pou evolye lekòl, nan fason l va asire ke pousantaj elèv ki nan klas jadendanfan K yo rive jiska klas 2yèm ane yo ki satisfè, oswa ki depase, atant yo pou nivo klas yo nan evalyasyon Konpreyansyon Lekti ak Ekri nan fen ane a, ap ogmante sot nan [w]\* an jen 2020 rive jiska [x]\* rive jen 2026.
- **Reyisit pou Elèv k ap Aprann Angle yo:** Lekòl Piblik Boston (BPS) va kiltive kapasite lengwistik ak kapasite aprantisaj elèv yo nan fason l va asire ke pousantaj elèv k ap aprann angle, ki montre omwen [v]\* kwasans nan egzamen "ELL Access" la, ap ogmante sot nan [w]\* an jen 2020 rive jiska [x]\* rive jen 2026.
- **Akonplisman pou Elèv ki Genyen Andikap yo:** Lekòl Piblik Boston (BPS) va kiltive kapasite lengwistik ak kapasite aprantisaj elèv yo nan fason l va asire ke pousantaj elèv ki genyen andikap ki montre omwen [v]\* kwasans nan Santil Kwasans Elèv Angle yo (« Student Growth Percentiles » - SGP) e ki nan yon anvivònman enklizyon, swa aplentan oswa a tan pasyèl, ap ogmante sot nan [w]\* an jen 2020 rive jiska [x]\* rive jen 2026.
- **Rezònman Kritik nan Matematik, Syans, ak Alfabetizasyon:** Lekòl Piblik Boston (BPS) va edike elèv yo pou yo kapab rezone, disène, e demontre metriz akademik nan domèn matematik, syans, ak alfabetizasyon nan yon fason kritik,

dekwa pou pousantaj elèv ki nan klas 7yèm ak 8yèm ane k ap bay rannman konpetan nan lekti, matematik, ak syans kapab ogmante sot nan [x]%^\* an jen 2020 rive jiska [y]%^\* rive jen 2026.

- **Preparasyon pou Karyè ak Inivèsite:** Lekòl Piblik Boston (BPS) va kore elèv reponsab k ap diplome avèk lide pou yo pran chaj lavni yo, nan fason l va asire ke pousantaj elèv ki diplome yo ki deja 1) fini pwogram « Plan Karyè ak Plan Afè Lekòl Mwen » an ("My Career and Academic Plan)" (MyCAP) ak 2) swa yon sètifika endistri/Edikasyon Teknik Pwofesyonèl (CTE), kredi Bakaloreya Entènasyonal, yon nòt 3 oswa pi wo nan yon egzamen Plasman Avanse (AP), oswa 20 èdtan kredi nan yon pwogram doub enskripsyon, ap ogmante sot nan [x]%^\* an jen 2020 rive jiska [y]%^\* rive jen 2026.

***Mezi Pwoteksyon Posib – Prensip oswa valè kominotè ki pa negosyab ki dwe onore pandan n ap chèche atenn objektif yo.***

- **Dizon Elèv yo ak Patisipasyon Fanmi yo:** Lekòl Piblik Boston va itilize avantaj richès kiltirèl e lengwistik elèv yo ak fanmi yo, nan fason l va ogmante dizon elèv yo epi etabli kèk patenarya ki rekonèt valè yo, kapasite yo, ak bezwen yo.
- **Patenarya Kominotè:** Lekòl Piblik Boston (BPS) va travay avèk patnè kominotè yo pou l prepare elèv yo pou kèk opòtinite mondyal e lokal, san limit.
- **Ekite ak Mankman nan Opòtinite:** Lekòl Piblik Boston (BPS) va mete sou pye kèk pratik pou redui mankman nan opòtinite ak akonplisman, ki va baze sou rechèch ak done kolekte sou nivo distri a, lekòl yo, ak saldeklas yo, e l va ret konsekan a pratik sa yo.
- **Manm Pèsonèl ki Divès e Ekifas:** Lekòl Piblik Boston (BPS) ap rekrute e prezève yon mendèv ki divès parapò a ras ak lang, e ki konpetan nan aspè kilti, ki ka founi yon pwogram etid enklisif solid pou afèmi elèv yo nan afè kilti ak lang, ansanm ak kèk eksperyans pou selebre kapasite elèv nou yo e founi yo avèk yon eksperyans lekòl ki pozitif e ki ranpli ak kè kontan.
- **Sipò Sosyal, Emosyonèl, e Fizik:** Lekòl Piblik Boston va founi yon Sistèm Sipò inivèsèl k ap Genyen Plizyè Klasman ladan l pou pran swen byenèt sosyal, emosyonèl, e fizik tout elèv nou yo.

*\*Komite Skolè Boston an ap travay avèk Biwo Done ak Kontrandi Lekòl Piblik Boston an pou devlope yon seri mezi.*